



Pwogram pou Modènize Kab Elektrik Anba Tè

Poukisa N ap Fè Pwojè Sa a?

Nan kad angajman kontini nou pou n founi kliyan nou yo yon enèji ki fyab ansanm ak yon sèvis kalite siperyè, Eversource pwopoze pou l ranplase kab transmisyon elektrik anba tè wot tansyon ki ranpli ak fliyid ki mezire 345 kilovòlt (kV) ki deja egziste yo avèk yon seri nouvo kab transmisyon elektrik an poli-etylèn retikile ki (XLPE) ki mezire 345-kV.

Yo te enstale kab transmisyon elektrik anba tè ki deja egziste a nan lane 1976 ak nan lane 1986 epi li depase tan itilizasyon nòmal li. Lè n ranplase kab HPFF a avèk kab XLPE a, sa pral pèmèt nou modènize sistèm transmisyon an epi l ap pèmèt asire plis fyabilite.

Ki Kote Travay Sa a Ap Fèt ?

Pwojè yo pwopoze a fè pati yon pi gwo pwogram Eversource ap mennen nan tout teritwa sèvis nou an nan Connecticut ak Massachusetts ki gen pou wè ak modènizasyon kab anba tè.

Pwogram sa a vize modènize ak ogmante kapasite sistèm kab transmisyon elektrik anba tè yo pandan n ap ranplase, nan kad menm pwogram sa a, kab ranpli ak fliyid ki deja egziste a avèk kab an poli-etylèn retikile a.

Kab transmisyon elektrik yo prevwa pou amelyore yo nan kad pwojè sa pase pa Sou-estasyon North Cambridge la, toupre Estasyon Alewife MBTA a, rive nan Sou-estasyon Woburn nan toupre Horn Pond. Kab transmisyon elektrik la pase pa Cambridge, Arlington, Winchester, ak Woburn. Eversource ap etidye ki woub ki posib pou yo enstale nouvo kab elektrik la, ansanm ak tout longè wout la. Eversource kontan dèské l gen okazyon entegre kòmantè yo nan acheminman an. Depi yo fin enstale nouvo kab elektrik la, y ap retire kab transmisyon elektrik HPFF ki deja egziste a.

Kilè Travay La Ap Fèt?

- **Soumisyon Demann Anplasman avèk EFSB:** 2024
- **Odisyon Piblik Komisyen Evalyasyon Sit Enèjetik (EFSB) la:** 2025
- **Kòmansman Konstriksyon an:** 2026
- **Dat Mizansèvis yo Estime:** 2030

*Li kapab chanje, pandan n ap tann tout apwobasyon ki nesesè

Konsènan pwojè sa a

- **Longè wout la:** Apeprè 6 mil
- **Vòltaj liy lan:** Liy transmision souteren 345,000-volt (345-kV)
- **Revizyon anplasman:** EFSB
- **Jounen Pòt Ouvèt pou Piblik la:** Fen ane 2024 la oswa kòmansman ane 2025 lan

Revizyon Anplasman

Pwojè sa mande pou depoze yon petisyon nan Konsèny Evalyasyon Sit Enèjetik la. Nou prevwa soumèt petisyon sa bay EFSB a nan lane 2024 la. Ajans eta ak ajans federal yo pral mande pou n gen pèmi anviwònmantal tou.

Sansibilizasyon Kominotè

Nou kominike avèk reprezantan ki eli ak reprezantan lokal yo, rezidan yo ansanm ak biznis yo pandan n ap fè amelyorasyon sa yo nan fyabilite. Nou pran angajman pou n ofri bonjan okazyon pou patisipe nan pwosesis pou elaborasyon pwojè a, ak pou n entegre, nan nivo sa posib, kòmantè lokal yo nan elaborasyon pwojè a.

Ou gen Kesyon?

Youn nan bagay enpòtan ki rantre nan kad travay nou nan kominote w la sèke nou toujou vle kenbe liy kominikasyon an lib. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwojè sa a, tanpri rele liy dirèk pou enfòmasyon sou pwojè a nan [1-833-836-0302](tel:1-833-836-0302) oswa voye imèl bay ProjectInfoMA@eversource.com. Pou w kapab resevwa mizajou regilye pa imèl konsènan pwojè a, [klike la a pou abòne](#).